*Қарақалпақстан Республикасы*

*Мәлимлеме – китапхана орайы*



# *«Шынлықты сүўретлеўши жазыўшы»*

# *Гулайша Есемуратованың*

**(биобиблиографиясы)**

***Нөкис - 2020 жыл***

# *Кирисиў*

Гулайша Есемуратова бүгинги қарақалпақ прозасының көрнекли дөретиўшилериниң бири. Оның шығармаларында адам жанының гөззаллығы бар. Жан гөззаллығы – бул адамға Тәбият тәрепинен инам



етилген үлкен байлық. Тәғдир адамдағы усы пәзийлетти өзиниң шымшытырық соқпақларында сынаққа салады, руўхы күшли адам өзиндеги бул байлықты сақлап қалады, ал руўхы әззи адам оны бул дүньяның алдамшы қызықларына алмастырып жойтып алады….

Гулайша Есемуратова өз қаҳарманларының тәғдирлерин өмирдиң қырлы терең соқпақларында изертлеп, олардың жан дүньясындағы гөззалықтың не көринисте екенлигин ашып береди. Жазыўшыдағы терең психологизм, тил шеберлиги оның ҳәр бир шығармасын қарақалпақ қызларының тәкирарланбас, бийбаҳа кестелериндей көркемлик дәрежесине көтереди. «Тарийх биз жасаған заман жақсы ма, жаман ба, оннан бийғәрез, келешек әўладқа оны сол турысында жеткериўи керек», - деген еди уллы рус жазыўшысы А. П. Чехов. Гулайша Есемуратованың жекке өзиниң де, қаҳарманларының да тәғдири – бул ХХ әсирдеги қарақалпақ халқының тарийхы.

Гулайша Есемуратова бүгинги қарақалпақ прозасының үлкен бир байтереги. ХХ әсир қарақалпақ әдебияты тарийхында ең раўажланған әсир болғанлығын бүгин ҳеш ким бийкарлай алмайды. Әйне усы әсирде

жаңа әдебий жанрлар, формалар пайда болды, әдебиятымыз дүнья көлеминде бурынғыдан да көбирек танылды. Әлбетте, жазыўшының хызмети ямаса миллий әдебияттағы орны оның шығармаларының саны менен белгиленбейди. Оның ўақыяларға бай, усталық пенен жазылған тәсирли ҳәм қызықлы шығармалары бизиң өмир туўралы түсиниклеримизди кеңейтеди, кеўил сарайымызға пәкизелик алып киреди. Жазыўшының таңламалы шығармалары жыйнағының биринши томына кирген «Мың да бир кеширим», «Гөнерген сүренлер» ҳәм «Ким тыңлайды муңымды» повестьлери үстимиздеги әсирдеги халқымыздың турмысындағы ири - ири гезеңлерди көркем картиналарын береди. Ал усынылып отырған екинши томға оның «Кемпир апамның кестеси», «Үңгирдеги қыз», «Райхангүлдиң кестеси» сыяқлы киши-гирим романлары ҳәм басқа да бир қатар шығармалары кирген. Олардың ҳәр бири жазыўшының өмир туўралы толғанысларының, жүрек сезимлеринен туўылған. Гулайша Есемуратова «Кесте», «Халмурат жүргиш», «Айдай қыз», «Қызым саған айтаман, келиним сен тыңла», «Мыңда бир кеширим», «Гөнерген сүренлер», «Ким тыңлайды муңымды», «Көзсиз гүбелек», «Қаўын пискенде», «Қарақалпақ қызларының кестеге түскен романлары», «Ана сезими», «Жийрен» т.б. көплеген повесть, роман ҳәм очерклериниң авторы. Гулайша Есемуратованың шығармалары ҳәр бир оқыўшының ядында қалатуғын, оны ойландыратуғын, толғандыратуғын турмыс сабақлары. Ол ҳәр шығармасында өз қаҳарманларының образын, минез-қулқын инсан тәғдири арқалы жаратыўға умтылады. Оның тили асықпай-албырамай, нағысын келтирип сөйлеп отырған «ана тилине» усайды. Оның сөзи ширели, сезимлери терең, ол еркин пикирлеўге умтылады.



Г. Есемуратованың шығармасында оның таңлап алған ҳәм дөреткен қаҳарманлары адамгершилик сынақларынан өтеди. Усы жолда ким қалай өзин көрсетеди, ким ҳүжданына қарсы турады, - мине, усындай терең коллизиялық ҳәдийселер жазыўшының шығармаларының өзегин қурайды.

Г. Есемуратова өз шығармасында халқымыздың тәғдири ушын үлкен әҳмийети бар идеяларды образларға қарыстырып береди. Оның жаратқан образлары тарийхый дәўир шынлығы менен жасайды. Мәселен, «Мыңда бир кеширим» повестинде Айнагүл образы арқалы 30 - жыллардағы сиясий қанлы репрессияның ҳаял-қызлар тәғдирине тийгизген кери тәсирлери, қара таңбалары оғада бир шыншыллық пенен исенимли ашып бериледи. Ал, оның «Көзсиз гүбелек» повестинде өз муҳаббатына ылайық емес, нәкас қыз Паршагүлди соқырларша сүйген Заретдин деген жигит образында муҳаббаттың күшин ийгиликли мақсетлерге жумсаса, ол Шийрин сүйген Фархадтай таўды да талқан ететуғынлығын, ал мақсетсиз, көзсиз гүбелек болып ушсақ, ол өзге түўе, өзиниң де жанған отларға салатуғынлығын көрсетеди. Жазыўшының «Гөнерген сүренлер», «Ким тыңлайды муңымды» повестинде жарылған дийўалдай әдеп-икрам, ҳүждан нормалары бузылып, аяқ-асты етилген кешеги тубалаўшылық жыллардағы гейпара ҳаял-қызлардың көрсе қызарлық, нәпсиқаўлық, дүньяпаразлық, опасызлық усаған унамсыз минез-қулық, ис-ҳәрекетлери қатаң сынға алынады.

Г. Есемуратованың «Жийрен» повестинде ат күш-көлик ушын жаратылған әдеттеги жәниўар емес, ал инсанлар менен теңдей күйиниў, сүйиниў, қыйналыў, қуўаныў сезимлерине ийе, адамлардың исенимли, садық досты бола алатуғын әдебий қаҳарман сыпатында сәўлеленген.

Г. Есемуратованың дөретиўшилик пазыйлетлери менен ғана емес, ал өзиниң жеке өмириндеги адамгершилик қәсийетлери, аналық меҳри, устазлық кеңпейиллиги, сиясий сезгирлиги, жәмийетлик искерлиги менен де өзгелерге үлги болған жазыўшы десек асыра айтқан болмаймыз. Мине,

усы пазыйлетлерине тийкарланып, көпшилик ҳаял-қыз жазыўшылар оны: «Арал қызлары»ның анасы деп те атайды. Бир ғана мысал: Г. Есемуратова ғәрезсизлик дәўириниң басланыўы менен «Арал қызлары» журналын шөлкемлестирип, тез арада оны пүткил дөретиўши, қарақалпақ ҳаял-қызларының руўхый минберине айландырады. Ҳаял-қызлардың турмысымыздағы толып атырған машқалаларын, олардың шешиминде жан күйдирип, сүйениши болды. Дәстүрлеримиз, миллий өнерлеримиз, қарақалпақ ҳаял-қызларының турмысы ҳаққында ҳәтте сырт мәмлекетлерге де таныстырыўға еристи. Соның ушын Гулайша апаны қарақалпақ ҳаял-қызларының сырласы, муңласы, устазы сыпатында тән аламыз.

## Гулайша Есемуратованың өмири ҳәм дөретиўшилик хызмети

Гулайша Есемуратованың жазыўшы сыпатында әдебиятқа келиў жолы ғана



емес, бәлки, бул зәбердес қәлем ийеси болған әжайып жигерли ҳаялдың өмир тарийхы менен де жақсы таныспыз. Белгили жазыўшы Гулайша Есемуратованың шығармасын оқысақ та әкесин, аға - инисин ҳәм күйеўине садық, ҳүрметлеп, сыйлап соның менен бирге барлық аўырманлықты нәзик те мықлы ийинлери менен көтерип жасайтуғын жәбиркеш ҳәм жапакеш, сүйикли ҳәм мәрт ҳаял-қызлардың келбети сәўлеленеди.

Гулайша Есемуратова 1930 - жылы 18 - февральда Шымбай районының

ҳәзирги Қасым Әўезов колхозы аймағында (бурынғы Тасқара аўыл кеңеси) халқымымыздың тарийхында аты белгили Жәлий Мақсым Исметулла ахун улының шаңырағында дүньяға келди. Әкеси халық душпаны болып сүргинге айдалғаннан соң, Гулайша апа үш айлығынан тоғыз жасына шекем дайы атасы Есемураттың қолында тәрбияланды. Соңынан дайы ағасы, белгили тилши алымымыз Айтжан Есемуратовтың хожалығының бир ағзасы болып жасап, Төрткул ҳәм Нөкис мектеплеринде билим алады. Халқымыздың арасынан шыққан жаңа заман интеллигентлериниң бири болған Айтжан Есемуратовтың бай үй китапханасы бар еди. Усы китапхана Гулайша апаның дүнья әдебиятынан руўхый суўсынланыўна себепши болады. Гулайша Есемуратова өзиниң аўыр кешкен турмысын айтып отырып ол ериксиз гүрсинеди. Себеби сол 30 жыллардағы халық басына түскен аяўсыз репрессия қурбанлары менен қоса олардың шаңырақ ағзалары да қатты қыйыншылықты басынан кеширген. Сол дәўирде усы репрессиядан жүреги жараланбаған адамның өзи жоқ шығар. Гулайша Есемуратовадан бурын Раўия деген қыз апасы болды. Раўия Есемуратовада – илимпаз ол Москвада оқыған. Гулайша Есемуратова 1951 - жылы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының тил ҳәм әдебият факультетин питкерип шыққаннан соң ол журналист кәсибин таңлап алады. Бурынғы «Жас ленинши» ҳәзирги «Қарақалпақстан жаслары» газетасының көркем әдебият ҳәм искусство бөлиминиң баслығы болып өз өмир жолын баслайды. Гулайша Есемуратова қырқ жылдан аслам ўақыт республикамыздың баспасөз тараўында хызмет етти. Соннан бугинги күнге шекем бул машақатлы кәсиптиң маманы болып көп ўақыттан бери хызмет етип киятыр. 1958-60 жыллары Әмиўдарья журналында бөлим баслық болып ислеген болса, 1991 жылдан баслап



«Арал қызлары журналының» бас редакторы болып иследи. Ол академик Сабыр Камаловтың өмирлик жолдасы болса да қолын ыссы суўға салып отырған емес. 1992 - жыл  Америкада ҳаял - қызлардың бас қоспасына жазыўшы Гулайша Есемуратовада қатнасып қайтты. Ең дәслеп қарақалпақтың мийллий киймлерин шет елге танытып, оны кийип барды. Көп тиражлы Американың «ISAR» журналының редакторы Мьен менен ушырасып пикирлести. Елимиздиң ҳаял - қызларының турмысын, олардың бүгинги күнги жетискенликлерин басқа халықлардың ҳаял-қызларына сөйлеп берди. Гулайша Есемуратова өзиниң мийнеткешлиги арқасында



әдебиятымыз бенен журналистикаға үлес қосыўдан ҳеш шаршамады. Ол  Сабыр аға менен бес перзентти камалға келтирип, билимли, илимли етип тәрбиялады. Ҳәзирги ўақытта да, Гулайша Есемуратова қәлем тербетиўди тоқтатпай газета–журналларға қызықарлы мақалаларды усынып отыр.

Қарақалпақстан халық жазыўшысы Г. Есемуратованың пүткил саналы өмири халқымыздың мәдений, руўхый дүньясы менен тығыз байланыста кешти. Ол узақ жыллар даўамында республикамыздың бир қатар абырайлы басылымларында түрли лаўазымларда пидайы хызмет иследи. Халқымыздың әдебий-мәдений турмысында айрықша орны бар инсанлардың бири сыпатында Г. Есемуратова өзиниң өткир дөретиўшилик қәбилети менен қарақалпақ әдебияттаныў илиминиң де раўажланыўына салмақлы үлес қосты. Оның терең мазмунға ийе бир қанша гүрриңлери, повестьлери ҳәм романлары студент жаслар ушын сабақлық ҳәм оқыў қолланбаларынан орын алды. Усындай машақатлы жолдың барлық қыйыншылықларын мәрдана басып өтип, қарақалпақ әдебиятында үлкен мектеп жаратқан жазыўшының дөретиўшилиги, әлбетте, әдебияттаныў илиминиң теориялық мәселелерин

шешиўде, бул бағдарда жасларға тәлим-тәрбия бериўде, маман қәнигелер таярлаўда қосқан үлкен үлеси есапланады. Қунлы әдебий дөретпелерди жазған усындай жазыўшы-шайырларымыз бенен оқыўшыларды ушырастырып, олардың шығармалары менен таныстырып барсақ, әлбетте жаслардың пикирлеўи, ойлаў қәбилети ҳәм сана сезими жақсы раўажланады. Әлбетте, уллы мәртебеге ерисиў инсанға аңсатлық пенен келмейди. Гулайша Есемуратованың халқымыз алдындағы бийминнет хызмети, жоқары адамгершилик пазыйлетлери ҳәм ибратлы өмир жолы, әлбетте, бәршеге үлги болады.

Белгили жазыўшы, зәбердес журналист, Өзбекстанға мийнети сиңген мәденият искери Гулайша Есемуратоваға оның өмир шынлығы тербеген қәлеминен көпшилик сүйип оқыйтуғын еле де жаңа шығармалар дөретиўин тилеймиз.

## *Гулайша Есемуратованың өмири ҳәм дөретиўшилик хызмети дәўириндеги тийкарғы сәнелер*

1930 – жылы Шымбай районының ҳәзирги Қасым Әўезов колхозы (бурынғы Тасқара аўыл кеңеси) аймағында туўылған.

1951- жылы Қарақалпақ мәмлекетлик пединститутының тил ҳәм әдебият факультетин питкерген.

1951- жылдан Бурынғы «Жас ленинши» ҳәзирги «Қарақалпақстан жаслары» газетасының көркем әдебият ҳәм искусство бөлиминиң баслығы болып жолын баслайды.

1958-60 жыллары Әмиўдарья журналында бөлим баслығы болып иследи.

1991 жылдан баслап «Арал қызлары журналының» бас редакторы болып иследи.

1992- жыл Америкада ҳаял- қызлардың бас қоспасына қатнасып қайытты.

## *Гулайша Есемуратованың алған атақ  ҳәм  сыйлықлары*

Қарақалпақстанға мийнети сиңген мәденият хызметкери.

Қарақалпақстан халық жазыўшысы.

## *Гулайша Есемуратованың шығармалары қарақалпақ тилинде*

1972

1. Ҳаў, еле өлмепти ғой!..; Соны да билмейсең бе?..;Адам қатты аўырса..: [ сатиралық гүрриң] // Әмиўдәрья. - 1972. - № 7.

1976

2. Ана сезими: [гүрриң] // Әмиўдәрья. - 1976. - № 6.

1978

3. Әңгимеден әңгиме туўылып: [гүрриң] // Әмиўдәрья. - 1978. - № 2.

1985

4. Жийрен: (новеллалар, гүрриңлер, повестьлер). - Нөкис: «Қарақалпақстан», 1985 - 217 б.

5. Гүресшең өмир: [очерк] // Әмиўдәрья. - 1985. - №1.

6. Қаўын  пискенде :[гүрриң] // Әмиўдәрья. - 1985. - №4.

1993

7. “Ким тыңлайды муңымды “:[повесть] // Әмиўдәрья. - 1993.- № 11-12.

8. Мерекениң жарасығы қыз бала: [мақала Г. Матякубова ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 1993. – 16 февр.

1994

9. Бийдайзарлықтағы көринис: // Еркин Қарақалпақстан. - 1994. – 23 июль.

1995

10. “Ата –анам болар ма еди”: [хүжжетли повесть] // Қарақалпақстан жаслары. – 1995. - 27 апр.

11. Жүзик: [гүрриң] // Қарақалпақстан жаслары. - 1995.- 27 апр.

Шығармалары: 1-том.(ред. Ернашова Р).- Нөкис: «Билим», 1995-452 б.

1996

12. Қарақалпақ қызларының кестеге түскен романлары: [үзинди] // Қарақалпақстан жаслары. - 1996.-11 июль.

13. Теректиң де жаны бар!: [ Әдеп икрамлық] // Қарақалпақстан жаслары. - 1996.-16 май

1997

14. “Өле жаман болмасаң, өле жарлы болмассаң”:[гүрриң] // Қарақалпақстан жаслары. - 1997.-19 июнь

15. Шығармалары: 2-том. (ред. Тлегенова Г ). - Нөкис: «Билим», 1997- 328 б.

1998

16. Мен жаман баламан : [ гүрриң] // Қарақалпақстан жаслары. - 1998.- 16 апр .

1999

17. Архив: [Хүжжетли гүрриң] // Еркин Қарақалпақстан. - 1999. – 20 февр.

18. Билмеген жериңе тас атпа : [гүрриң] // Еркин Қарақалпақстан. - 1999. – 5 июнь.

19. Мен еркекпен: илпилдек: [сатиралық гүрриң] // Қарақалпақстан жаслары. - 1999.-9 сент.

2000

20. “Қоянды қамыс өлтирер” :[гүрриң] // Еркин Қарақалпақстан. - 2000. – 18 март.

2002

21. Бахытлы боларма екенмен?!...[гүрриң] // Қарақалпақстан жаслары. - 2002.-7 февр.

22. Турмыс сабақлары: [гүрриң] // Еркин Қарақалпақстан. - 2002. – 4 июнь

2005

23. Тәшўишли дүнья: [гүрриң] // Еркин Қарақалпақстан. - 2005. – 23 фев.

2007

24. Заманымды улығлайман:[публистика]. «Еркин заман –еркин адам» таңлаўы // Еркин Қарақалпақстан. - 2007. – 31 июль .

2008

25. Ай бала: [болған ўақыя тийкарында гүрриң] // Еркин Қарақалпақстан. - 2008. – 16 авг.

26. Үндемейтуғын күйеў, аўырмайтуғын ене: [гүрриң] // Еркин Қарақалпақстан. - 2008. – 23 дек .

2009

27. Дәўирлер нәпеси: IV-том.(роман, эссе, повестьлер,гүрриңлер, пьеса,әпсаналар,очерклер, мақалалар). - Нөкис: «Билим», 2009-292 б.

2011

28. Шүтик шыраның шарапаты: [турмыстан алынған ўақыя] // Еркин Қарақалпақстан. - 2011. – 24 нояб.

2012

29. Шүтик шыраның шарапаты: [болған ўақыя] // Әмиўдәрья. - 2012. – № 2.

## *Гулайша Есемуратова ҳәм шығармалары ҳаққында*

1981

30. Султанов Қ. Өмир гүли: [Г.Есемуратова 70 жаста] // Совет Қарақалпақстаны. -1981- 7 март.

1990

31. Сейтназаров Ғ. Қарызларыңызды өтеп үлгер, Гулайша: // Әмиўдәрья. -1990.-№7.

1997

32. Қурбанбаев И. ”Қызым саған айтаман“:[Жазыўшы Гулайша Есемуратованың усы атамадағы шығармасы ҳаққында ] // Жеткеншек .- 1997.- 6 февр.

33. Төребекова А. “Атақ, даңқтан дәмем жоқ”: [Талантлы жазыўшы Г.Есемуратова менен сәўбетлесиў ] // Қарақалпақстан жаслары. - 1997.-6 март.

1998

34. Пахратдинов Ю. Уллы шаңарақларды үйренген саўап: [ С. Камалов ҳәм Г.Есемуратовалардың шаңарақлары ҳаққында] // Қарақалпақстан жаслары. - 1998.- 19 февр.

2000

35. Бахадырова С. Ҳаял - қызлар қәлеминде турмыс шынлығы: [Г.Есемуратова 70 жаста] // Еркин Қарақалпақстан .- 2000.- 17 февр.

36. Бекбергенова З. Жаслықтан жетилген талант: [жазыўшы Г.Есемуратованың өмири ҳәм дөретиўшилик таланты ҳаққында] // Қарақалпақстан жаслары. - 2000.- 23 март.

37. Бекбергенова М. Турмыс шынлығын сүўретлеген сөз шебери:[Г.Есемуратова 70 жаста] // Әмиўдәрья - 2000.-№3.

38. Есемуратов Г. Әдебият дегенимиздиң өзи де өмир:[Г. Есемуратова ҳаққында] // Қарақалпақстан жаслары. - 2000.- 24 авг.

39. Хожамуратова П. Жазыўшы менен ушырасыў кешеси: [Г.Есемуратова 70 жаста] // Еркин Қарақалпақстан. - 2000.- 27 май.

2001

40. Пахратдинов Ә. Шығармаларында турмыс шынлығы: [Г.Есемуратова 70 жаста] // Еркин Қарақалпақстан. - 2001.- 17 февр.

2003

41. Хожамуратова П. Биз ушын әзийз Гулайша апа: // Еркин Қарақалпақстан. - 2003.- 15 июль.

2006

42. Жамиева П. Гулайша Есемуратова прозасындағы көркем шеберлик: // Қарақалпақстан жаслары. - 2006.- 20 июль.

2008

43. Нуржанов П. Турмыс шынлығына садық жазыўшы: [Г. Есемуратова ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 2008.- 20 сент.

2011

44. Айтмуратов Е. Дослардың жетилискенлигине қуўанышлыман: // Еркин Қарақалпақстан. - 2011- 22 фев.

45. Бабашев Ш. Жазыўшы Гулайша туўралы еки аўыз сөз: // Қарақалпақстан жаслары. -2011.- 6 окт .

46. Базарбаев Ж. Талапшаң журналист, зәбердес жазыўшы: // Қарақалпақстан жаслары. - 2011.- 13 янв.

47. Елмуратов Қ. Жазыўшы прозасында ҳаял – қызлар тематикасының сәўлелениўи: [Г. Есемуратова ҳаққында] // Қарақалпақстан жаслары.- 2011.- 17 февр.

48. Есенов Ж. “Жийрен”ниң терең психолизми: // Қарақалпақстан жаслары.- 2011.- 3 март.

49. Оразымбетов Қ. Жазыўшы дөретиўшилигине бир нәзер:
// Қарақалпақстан жаслары. - 2011.- 6 янв.

50. Турекеева А. Сабырлық пенен жетескен табыс: // Қарақалпақстан жаслары.- 2011.- 22 сент.

2012

51. Ибрагимов С. Арпалысларда өткен өмир: [Г.Есемуратова менен сәўбет] // Еркин Қарақалпақстан . - 2012.- 2 фев.

2014

52. Қанаатов Е. “Тәрбия қулақтан да киреди”: [Қарақалпақстан халық жазыўшысы Гулайша Есемуратова менен сәўбет] // Еркин Қарақалпақстан. – 2014. – 7 янв.

2015

53. Хожамуратова П. Адам жанының инженер жазыўшысы: [Қарақалпақстан халық жазыўшысы Г. Есемуратованың журналистлик жолы ҳаққында]. // Еркин Қарақалпақстан. - 2015. - 17 фев.

2020

54. Караматдинова Б. Устазды улығлаў ямаса ҳәўес оятатуғын өмир өткеллери: // Еркин Қарақалпақстан. - 2020.- 18 фев.

55. Сағыйдуллаева Ж. Гулайша Есемуратова прозасында миллийлик ҳәм ҳаял-қызлар образы. // Әмиўдәрья. – 2020. - № 2.

56. Арзиев Р. Ибратлы өмир: [Гулайша Есемуратова 90 жаста] // Еркин Қарақалпақстан. - 2020.- 20 фев.

57. Нурабуллаева И. Жазыўшы оқыўшылар арасында: [Гулайша Есемуратова 90 жаста] // Еркин Қарақалпақстан. - 2020.- 20 фев.

58. Дәўлетова Г. Шығармалары руўхый алтын ғәзийне: [Гулайша Есемуратова 90 жаста] // Қарақалпақстан жаслары. – 2020. – 20 фев.

59. Абдиниязова З. Ибратлы өмир: [Гулайша Есемуратова 90 жаста] // Қарақалпақстан жаслары. – 2020. – 20 фев.

60. Сейтжанова Э. Ибратлы өмир: [Гулайша Есемуратова 90 жаста] // Қарақалпақстан мәденияты. – 2020. – 22 фев.

**Дүзиўши:**

**Үлкетаныў мағлыўматлары сектор баслығы: А. Халмуратова**